*Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№56 (26508)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2026 азы 2 апрель – хуымгæнæны мæйы 2 бон, цыппæрæм

Аргъ 10 сомы

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
t.me/gazetarastdzinad1923

КÆСУТ НОМЫРЫ:
2 ГОРÆТГÆРОН РАЙОН *Ивгъуыд азы бæрæггæнæнтæ...*
3 ТЕМАТИКОН ФАРС *Нæ фыдæлты бæстæ, нæ фыдæлты зæхх*
4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ *Хъæбысхæст*

Хатдзæгтæ

# Адæмон программæйы фæрцы

**Адæмон программæ Цæгат Ирыстоны царды куыд уадзынц, уыдæттыл уыд йæ раныхас РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг, политикон парти «Иугонд Уæрæсе»-йы регионалон хайады нымæрдар Сергей МЕНЯЙЛОЙÆН дзуапдæттæн форум «Фæстиуæг ис»-ы.**

Регионалон хайады уæнгтæ лæмбынæг байхъуыстой раныхасмæ, хатдзæгтæ рахастой фондзазон программæйæ, республикæйы социалон-экономикон дарддæры рæзтæн ахъазгæнæг мадзæлттæ равзæрстой. Уымæй уæлдай, рæгъмæ рахастой, 2026 азы Паддзахадон Думæмæ æвзæрстытæм политикон парти цы программон документимæ цæудзæн, уый.

Цæгатирыстойнæгтæ рахастой 10 мин алыхуызон хъæппæрисы, фæндоны, уыдон æмхуызонæй сæ бынат ссардтой Адæмон программæйы. Сергей Меняйлойы ныхасмæ гæсгæ, æххæстгонд æрцыд сæ фылдæр хай, чи ма дзы баззад, уыдоныл та æвæстиатæй бацархайын хъæуы. «Тынг бирæ фарстатæ алыг кодтам, уырдæм ахæсгæ сты социалон объектты арæзтад, газ хæдзæртты арæнтæм бауадзын, æхсæнадон фæзтæ æмæ бирæуæладзыгон хæдзæртты кæртытæм базилын, сæ фæлгонцады нысантæ æмæ æндæр ахсджиаг фарстатæ», – фæбæрæг кодта РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг.




Æрмæст 7 инвестицион проектæн лæвæрд æрцыд 4 миллиард сомæй фылдæр, республикæ райста транспорты ног 212 иуæджы, бындуронæй сарæзтæуыд ног скъолатæ, рæвдауæндæттæ. Фæзынд сæ ног мингай бынаты, ахуырады центртæ «Рæзты тæлмытæ» байгом сты. Адæмон программæйы фæрцы бавнæлдтой поликлиникæтæм, рынчындæттæм, тагъд медицинон æххуысы автопарк сног кодтой.

Сергей Меняйло æрхаста бæстон хатдзæгтæ, фæбæрæг кодта фидæнмæ нысантæ, уæлдай æргом аздæхта историон зæрдылдарынадмæ, граждайнаг-патриотон хъомыладмæ, сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæн æххуысы мадзæлттæм. Йæ ныхасмæ гæсгæ, алкæмæ дæр хауынц бæрнон хæстæ, æмæ сæм куыдфæндыйы цæстæй кæсæн нæй. «Нæ бæстæ æддагон тыхстдзинæдтимæ сæмбæлд, махæн та иу ран лæууæн нæй. Хъуамæ дзурæм рæстдзинад, æнæ уымæй не знæгтæ уайтагъд февналдзысты æмæ мæнг хабæрттæ ратауыс кæндзысты. Уымæй Уæрæсейы нывылдзинад фæкъахыр уыдзæн», – загъта Сергей Меняйло.




**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг æмæ Хицауады пресс-службæ**

Поэты мысæн бонмæ

# Дæ ном цæрдзæн æнустæм!

**Кæддæр, 1859 азы, Нары сæрмæ зæрин хур скаст æмæ ныррухс кодта мæгуыр адæмы фæндаг. Сыгъдис, цалынмæ йæ адæмы хæрзæбонæн йæ хъарутæ амыдтой, цалынмæ йæ тар мигътæ нæ аныхъуырдтой, уæдмæ. Уыцы хур аныгуылд 1906 азы 1 апрелы. Æнæ Къостайæ Ирыстон цæры 120 азы, фæлæ йæ иунæг бон дæр нæ ферох кодта. Адæмы къахвæндæгтыл уæдæй нырмæ кæрдæг нæ хæцы, цы – Нармæ, цы – Дзæуджыхъæуы Ирыхъæуы уæлмæрдмæ. Афтæ та уыдис ацы хатт дæр.**




Знон, поэты мæлæн бон, Къостайы ингæныл дидинджытæ сæвæрынмæ цыдысты нæ республикæйы æхсæнады, сфæлдыстадон интеллигенци æмæ мыггаджы минæвæрттæ, скъоладзаутæ, ахуыргæнджытæ æмæ студенттæ. Митинг байгом кодта Къостайы мемориалон хæдзар-музейы директор **Отараты Зæлинæ**. Æрбацæуæг адæмæн радзырдта поэты цардвæндагæй йæ фæстаг «балцы» тыххæй скъуыддзаг.

– 1906 азы Лабæйæ Ирыстонмæ куы 'рбайхъуыст уæззау хабар, Къоста йæ цардæй ахицæн, зæгъгæ, уæд нæ интеллигенцийы минæвæрттæ æмæ, хистæртæ бауынаффæ кодтой зиан Дзæуджыхъæумæ æрбаласын, уымæн æмæ æнæ Ирыстон цæрын чи нæ зыдта, ирон адæмы бартыл йæ уд чи бахордта, уыцы лæг хъуамæ искæй зæххыл ныгæд цæмæн æрцæуа, зæгъгæ. Ацыдысты Дзæуджыхъæуæй мæрддзыгой адæм æмæ йæ поездæй Беслæны станцæмæ æрбаластой. Уым æй хъуамæ бæхуæрдоныл æрбахæццæ кодтаиккой Ирыхъæуы уæлмæрдмæ, фæлæ ирон дзыллæтæ уыцы хъуыддагимæ не сразы сты æмæ йæ Беслæнæй йæ ингæны онг сæ къухтыл фæхастой.

Къостайы «Ныстуан»-æй рæнхъытæ:

***«Иу бон æгъгъæд у мысынæн,***
***Иу бон кæндзыстут мæ мæт,***
***Уый фæстæ ферох уыдзынæн,***
***Ничиуал зондзæн мæ цырт»*** нæ сæххæст сты. Йе 'вæрæн бон ын ацы ран бæх дæр ныффæлдыстой, дугъ дæр йæ номыл уыдис, нæу рох абон дæр Къоста. 1906 азы, поэты ныгæнгæйæ, Цæголты Георги Къостайы чырыны раз бакаст, адæймаджы зæрдæйы цыргъ кардау чи ахызтис, ахæм зæрдæриссæн ныхæстæ:

***«Как страстно ты хотел, чтоб солнце возрожденья***
***Взошло в краю родном, чтоб мрак исчез скорей,***
***Чтоб было сломано ярмо порабощенья,***
***И пылью сметена вся накипь черных дней.***
***Зачем же рано так сгорела жизнь святая?***
***Зачем могильный крест?.. Зачем не с нами ты?***
***Да где же правда здесь? Зачем судьба слепая***
***Разит все лучшее с холодной высоты?***
***Прощай, наш старший брат... У дорогой могилы***
***Клянемся мы тебе любить родной наш край,***
***Работать для него, покуда будут силы,***
***Вести вперед его, прощай, Коста, прощай!»***

Æз абон курын рæзгæ фæлтæрæй, цæмæй ахуыр кæной Къостайы сфæлдыстад æмæ йæ макуы кæной рох, – загъта Отараты Зæлинæ.

Номарæн митинджы раныхас кодта горæты Æхсæнадон советы уæнг, Хæлардзинады хæдзары директоры хæдивæг **Хъайтыхъты Тамарæ** дæр. Уый загъта, ирон æгъдаумæ гæсгæ Къостайæн кад кæныны традици фидардæр кæныны тыххæй.

– Нæ фыдæлтæм баззад ахæм æгъдау, уæлмæрдмæ бацыдтæ, уæд дæ къух авæр цыртыл æмæ йын рухсаг зæгъ. Уыцы æгъдау нæ рагфыдæлтæм фыдæйфыртмæ, фæлтæрæй-фæлтæрмæ цæуы, æмæ йæ рох кæнын нæ хъæуы. Бирæтæ æрбацæуынц Къостайы цырты размæ æмæ йыл сæ къух нæ авæрынц, афтæмæй йæ фæрсты ахизынц. Раст мæм нæ кæсы уый. Ацы фарста дæр хъуамæ кæстæртæн сæ хистæртæ амоной хæдзары, скъолайы, уæлдæр ахуыргæнæндæтты та – ахуыргæнджытæ, – загъта Хъайтыхъты Тамарæ.

Къостайы мысæн боны ма раныхас кодта РЦИ-Аланийы культурæйы министры хæдивæг **Рæмонты Маринæ** дæр.

**САУТÆТЫ Тамилæ**

Ахуырад

# Колледж цалцæг кæнынц

**Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО йæ телеграм-каналы куыд фехъусын кодта, афтæмæй Дзæуджыхъæуы Карл Марксы уынджы дарддæр цæуынц педагогон колледж бындуронæй цалцæг кæныны фæдыл куыстытæ.**

«Фарон цалцæггæнæн куыстыты фыццаг хай кæронмæ ахæццæ: араздж ытæ бæстыхайы сæр баивтой, хъармкæнынады системæ дзы сæвæрдтой, стæй актон залы аивгæнæн куыстытæ сæххæст кодтой. Спортивон зал, хæрæндон æмæ аудиторитæ сты рацаразинаг. Рæхджы специалисттæ Кутузовы уынджы бæстыхайы къултæ æмæ сæр цалцæг кæнын райдайдзысты, инженерон хызтæ та ногтæй баивдзысты.

Цæгатирыстойнæгтæ педагогон дæснйæдтæм фылдæр æргом здахын райдыдтой. Фарон педагогон колледж каст



чи фæци, уыцы адæмы нымæц, иннæ азтимæ абаргæйæ, бæлвырд фæфылдæр. Абитуриенттæн ахуырады ног къабæзтæ байгом сты. Нæ республикæ национ проекттæ æмæ паддзахадон программæты кæй архайы, уый фæрцы ахуыргæнæндæттæ сног кæныны фæдыл куыст дарддæр цæуы. Ныридæгæн сæдæгай лæппутæ æмæ чызджытæ, стæй ахуыргæнджытæ ахуыр кæнынц æмæ кусынц нырыккон удæнцой уавæрты», – фыссы республикæйы разамонæг.

**«15-æм РЕГИОН»**

Æмбырд

# Хъæбатырæн – кад



**Цæгат Ирыстоны Мидхъуыддæгты министрады Историйы музейы ацыд Лæгдзинады æртæ ордены кавалер, Уæрæсейы Хъæбатыр ТЫБЫЛАТЫ Мараты номарæн æмбырд.**

Лæгдзинад æмæ æхсары æвдисæныл нымад чи ссис, барадхъахъхъæнæг æмæ хицаудзинады оргæнты, æхсæнадон организациты минæвæрттæ, скъоладзаутæ, стæй фæмардуæвæг адæймаджы хиуæттæ æмæ хæлæрттæ Цæгат Ирыстонæй рацæуæг уыцы нæлгоймаджы рухс ном ссардтой.

Æмбырды архайджытæн равдыстой Райгуырæн бæстæ ныфсхаст хъахъхъæнæджы царды тыххæй документалон киноныв, экспозицийы та æвæрд уыдысты Мараты къамтæ, арфæйы фыстæджытæ æмæ йæ дзаумæттæ. Æмбырды официалон хайы фæстæ ахуырдзаутæн радзырдтой æмзæххоны хæстон фæндаджы тыххæй хабæрттæ.

– Мараты рухс ном чи ссардта, нæ бинонтæ йæ уыцы æмслужбæгæнджытæй, барадхъахъхъæнджытæ æмæ фæсивæдæй бузныг сты. Не 'мзæххонты лæгдзинад æмæ хъæбатырдзинад цæмæй ма рох кæнæм, амынд дзыллон мадзæлттæ уымæн ахъаз кæнынц, – зæгъы фæмардуæвæг адæймаджы хион **Тыбылаты Энвер**.

**Уф-йы Национ гвардийы æфсæдты федералон службæйы цæгатирыстойнаг управленийы пресс-службæ**

## Дзырды фарн

*Æрдз аныхъуыры царды*
*фыдмитæ, рæстæджы зынтæ,*
*хи сагъæстæ æмæ æндæр*
*бирæ хъуыдытæ.*

*ФÆРНИОН*

Сенаторы архайд

# Паралимпаг командæимæ фембæлд



**Уæрæсейы адаптивон (ома, сахуыруæвæн) спорты райрæзты сæйраг æууæлтыл ныхас кæм цыд, УФ-йы Федерацийы Советы Сæрдар Валентина МАТВИЕНКОЙÆН уыд хъуыддаджы ахæм фембæлд бæстæйы иугонд паралимпаг командæйы уæнгтимæ.**

Æмбыры архайджытæ (адоны æхсæн уыд Цæгат Ирыстонæй амынд Советы сенатор **Виталий Назаренко** дæр) æрныхас кодтой паралимпаг спортæн æххуысы, стæй æнæниздзинады цыбыргонд гæнæнтимæ спортсментæн æмхуызон уавæртæ саразыны ахсджиаг фарстатыл.

Дзыллон паралимпаг спортивон мадзæлтты архайды фæлтæрддзинад кæмæ ис, паратхэквондойæ дунеон ерысты цалдæр хатты ахæм чемпион Виталий Назаренко сæрмагондæй бафиппайдта адаптивон спортæн паддзахадон æххуысы ахадындзинад.

– Уæрæсейаг спортсментæ Италийы ацæуæг цыппæрдæсæм Паралимпаг хъæзтыты заман æнтыстдзинæдтæ кæй равдыстой, уый банымайæн ис канд спортивон сгуыхтдзинадыл нæ, фæлæ ма спортсменты тренерты æмæ сæ зондамонджыты бирæазон куысты æмæ удуæлдайдзинады æвдисæныл дæр. Уæрæсейаг спортсментæ дунеон ерысты парахатæй цæмæй архайой, уымæн фадæттæ аразыны фæдыл куыст дарддæр æххæст кæнын хъæуы. Адæм адаптивон спорты секциты цæмæй архайой, Федерацийы Советы фæндонæй уымæн спортивон объектты æппæтуæрæсеон интерактивон картæ саразыны фæдыл куыст дарддæр цæуы. Уæрæсейы Спорты министрад æмæ бæстæйы субъекттимæ иумæ амынд нывыл карст фæзты нымæц фæфылдæр кæнынмæ хъавæм. Нæ иумæйаг хæс у алы адæймаджы – йæ физикон фадæттæ йын нæ нымайгæйæ – гæнæнтæ баххæст кæнынæн иттæг нывыл уавæртæ саразын, – загъта сенатор.

Уымæй уæлдай, фембæлды архайджытæ æрныхас кодтой тренертæн æххуысы, ног сæрмагонд спортивон базæтæ аразыны, стæй, паралимпиадæмæ йæхи чи цæттæ кодта, фæлæ дзы архайыны фадат кæмæн нæ уыд, ахæм адæмæн ерыстæ саразыны фарстатыл дæр. Ацы хъуыддæгтæм цæст лæмбынæг дардзысты.

**ÆЛБОРТЫ Залинæ**

Коммуналон хæдзарад

# Фыдбылызтæ иуварс кæнынæн

**Цæгат Ирыстоны кусын райдыдта цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады фарстаты фæдыл иумæйаг колл-центр.**




Ныр 8-800-444-55-66 лæвар телефонæй фæдзурæг цæгатирыстойнæгтæм ис амынд къабазы æрцæуæг фыдбылызтæ æмæ лыггæнинаг фарстаты тыххæй хабæрттæ æвæстиатæй фехъусын кæныны бар. Æппæт хъусынгæнинæгтæ æвæстиатæй фыст æрцæудзысты оперативон картæйыл, стæй сæ барвитдзысты бæрнон хайæдтæм. Цæгатирыстойнæгтæ хъусынгæнинæгтæ куыд æрбарвитынц æмæ куыстытæ æххæстгонд куыд цæуынц, нæ республикæйы Цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады министрады разамындæн æмæ ацы ведомствæйы оперативон штабы уæнгтæн уыдзæн уыдæттæм комкоммæ уагæй цæст дарыны фадат.

Цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады министрады иумæйаг информацион-хыгъдон центр кæй бацæттæ кодта, колл-центры куыст банымайæн ис амынд министрады нымæцон-оперативон штабы уыцы проекты дыккаг хайыл. Проекты фыццаг хай æххæстгонд фæци фарон декабры (фыдбылызтæ иуварсгонд куыд цæуынц, Цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады министрадæн уымæ комкоммæ уагæй цæст дарыны фадат кæй фæрцы ис, амынд заман сарæзтой министрады ахæм хи системæ).

– Цæгат Ирыстоны территорийыл æрцæуæг фыдбылызтæ æвæстиатæй амоныны æмæ хъуыддагмæ бардарæг æппæт куыстуæтты æхсæн куысты хæстæ уарыны хæс æвæрд кæуыл ис, уыцы проект цæттæ кæнын райдыдтам фарон июны. Æхсæз операторæн кæй фехъусын кæнынц, фыдбылызты тыххæй уыцы хабæрттæ хаст æрцæуыинц хъусынгæнинæгты иумæйаг номхыгъдмæ, стæй сæ равзарынæн барвитынц æмбæлгæ кусæндæттæм, – загъы иумæйаг информацион-хыгъдон центры директор **Салхъазанты Эдуард.**

Рæхджы хъуамæ скуса мобилон уæлæфтуан (æмæ афтæмæй проекты æртыккаг хай æххæстгонд æрцæудзæн). Уæлæфтуаны фæрцы адæмæн уыдзæн смартфонæй къамтимæ æмæ видеокадртимæ хъусынгæнинæгтæ æрвитыны æмæ, ацы хъусынгæнинæгтæ куыд æвзарынц, уымæ цæст дарыны фадат.

Колл-центр кæй скуыста, уый ахъаз кæны амынд къабаз нымæцон кусæнгæрзтæй сифтонг кæнынæн. Системæйы фæрцы уыдзæн цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады фарстатæ нырæй рæвдздæр лыг кæныны æмæ афтæмæй цæгатирыстойнæгты цард удæнцойдæр скæныны фадат.

**РЦИ-Аланийы Цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады, артаг æмæ энергетикæйы министрады пресс-службæ**

Горæтгæрон район

# Ивгъуыд азы бæрæггæнæнтæ, фидæны нысантæ

**Амæйразмæ Парламенты депутаттæ, Горæтгæрон районы кусæг балцы уæвгæйæ, хæстæгдæр базонгæ сты районы цардимæ, бынæттон цæрджыты тынгдæр чи тыхсын кæны, уыцы фарстатимæ, æмæ рахастой сæ алыг кæнынæн хъæугæ уынаффæтæ. Районы цардимæ сæ хæстæгдæр базонгæ кодта бынæттон хиуынаффæйады администрацийы сæргълæууæджы хæстæ æххæстгæнæг Плиты Алан.**

## Бюджет

Ивгъуыд азы бæрæггæнæнтæ дзурæг сты районы экономикæйы æнтыстджын рæзтыл. Уый, æппæты фыццаг, бæрæг у, районы бюджеты æфтиæгтæ кæй фæфылдæр сты, уымæй. Ивгъуыд аз уыдон рауадысты 2 миллиарды æмæ 807 милуан сомы. Уый у, ивгъуыд азы æфтиæгтæй 414 милуан сомæй фылдæр, пъланы бæрæггæнæнтæй та фæфылдæр сты 4,5 проценты. Афтæмæй, ивгъуыд азы бюджет рауад 53,5 милуан сомæй æфтиагджын. Æмæ районы бюджет дарддæр дæр æфтиагджын цæмæй уа, ууыл архайдзысты.

## Амалхъомад

Ивгъуыд аз сбæрæг амалхъомадыл дзурæг бæрæггæнæнты рæзт дæр. Районы цы амалхъомадон куыстуæттæ уыд, уыдоныл ма ацы азы райдайæнмæ бафтыд 262, æмæ сæ нымæц ссис 2 458 куыстуаты. Бынæттон администраци архайы адæмæн се 'ргом сусæг куыст кæнынæй æргом куыст кæнынмæ раздахыныл. Уый фæрцы фæфылдæр хи куыстгæнæг адæймæгты нымæц. Ивгъуыд азы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, сæ нымæц уыд 11 027 адæймаджы.

Амалхъомтæ пайда кæнынц, районы сын цы æххуысы мадзæлттæ ис, уыдонæй. Семæ æмархайд кæныны нысанимæ арæзт æрцыд Чысыл æмæ рæстæмбис амалхъомады фæдыл координацион центр. Æххуыс сын кæны центр «Мой бизнес»-ы филиал дæр.

Амалхъомтæн æххуысы нысанимæ «Мæгуырдзинадимæ тох кæнын»-ы программæйы фæлгæты районы фыст æрцыд 156 социалон контракты, уыдонæй 114 дæттынц амалхъомадон куыст кæныны бар.

Уæлдай фылдæр æргом районы здæхт цæуы агропромышленнон къабазмæ. Хъæууонхæдзарадон товаруадзджытæн æххуысы хуызы ивгъуыд аз лæвæрд æрцыд 160 милуан сомæй фылдæр. Программæтæ «Агростартап» æмæ «Хъæууон туризмы райрæзт»-ы программæты фæлгæтты грантты хуызы æххуыс рауад 82,7 милуан сомы (2024 аз уыцы æххуыс уыд 75,8 милуан сомы), спайда дзы кодтой 21 амалхъомы. Дыууæ зæххкусæг-фермерон хæдзарады райстой 29,9 милуан сомы аргъ субсиди талатæ æмæ бирæазон зайæгойтæ садзыны æмæ сæм зилыны куыст кæнынæн.

Горæтгæрон районæн, уæлдайдæр йæ хæххон хайы, ис туризм райрæзыны замманай гæнæнтæ. Уыцы хъуыддагмæ се 'ргом здахынц, уазæгуарзондзинады инфраструктурæ райрæзыныл чи арайы, уыцы амалхъомтæ. Сæ хъæппæристæн сын æххуыс у «Туризм æмæ уазæгуарзондзинады индустри», зæгъгæ, ацы национ проект. Йæ фæлгæты дихгонд æрцыд фæрæзтæ, туристтæ Хъобан æмæ Дæргъæвсы кæм æрбынат кæной, ахæм цæрæн хæдзæрттæ саразынæн. Абонмæ районы ис æппæт домæнтæн дæр дзуапдæттæг 12 нырыккон фысымуаты.

Туризмы къабазы ныртæккæ æххæстгонд цæуынц инвестицион проекттæ: туристон-рекреацион комплекс «Къæхтысæр» æмæ туристон комплекс «Нарты горæт» Хъобаны. Уыдоны фæрцы районы бюджетмæ цæуæг канд хъалонтæ нæ фæфылдæр уыдзысты, фæлæ фæзындзæн ног куысты бынæттæ дæр. Уымæй уæлдай, ивгъуыд аз байгом æмæ кусын райдыдта нырыккон фысымуат «CosmosLaValleeHotel 4». Йæ ном ныридæгæн у хъуыстгонд, комплекс фылдæр кæны районы инвестицион хъомыс æмæ дзурæг у амалхъомады рæзтыл.

Уæлдай ныхасы аккаг у егъау инвестицион проект «Хъæрмуæтты комплекс «Алани». Ныридæгæн цæуы æххæстгонд, йæ фæрцы районы хъуамæ фæзына 900 куысты бынаты, уыдонæй 550 бынаты ныридæгæн сты ахст. Фыццаг тыллæг систой 2025 азы. Дарддæр пълан кæнынц æрвылаз дæр исын пъæмидорты 25 мин тонны æмæ, «черри», зæгъгæ, кæй хонынц, ахæм лыстæг пъæмидорты 9 мин тоннæйæ фылдæр. Ивгъуыд аз пъæмидорты тыллæг рауад 14,5 мин тонны. Хъалонтæ бафыстой 86 милуан сомæй фылдæр.

Фарон ма районы йæ тыхы бацыд иннæ егъау инвестицион проект «Цæттæ блоктæ уадзæг заводы арæзтад». Ацы арæзтадон æрмæгæй хæрзцыбыр рæстæгмæ кæнынц, «модульный» кæй хонынц, ахæм цæрæн хæдзæрттæ. Куыстуат йæ хъомысмæ гæсгæ афæдзмæ араздзæн 180 цæрæнуаты. Проектæн йæ аргъ у 175 милуан сомы. Уыдзæн дзы 24 куысты бынаты. Зæрдæдарæн ис, афæдзмæ кæй фиддзæн 2,2 милуан сомы хъалонтæ. Проекты хицауæн (æнæххæст бæрнондзинады æхсæнад «МК-Групп») куыстуат саразынæн лæвæрд æрцыд зæххы хай 3,3 гектары. Пъланмæ гæсгæ завод скусдзæн 2027 азы.

## Хъæууон хæдзарад

Хъæууонхæдзарадон нысаниуæдджы зæххытæ районы сты 40 мин гектарæй фылдæр, уыдонæй хуымзæххытæ – 23 мин гектары, се 'ппæт дæр куыстгонд цæуынц. Бæрæггæнæнтæм гæсгæ, хъæууонхæдзарадон продукцийы хуызты гуырахст фæфылдæр. Æхсыры куыстад схæццæ 3 627 тоннæмæ (2024 азимæ абаргæйæ, 21 проценты фылдæр), стурыфыд – 339,4 тонны (47,7 проценты фылдæр, 2024 азимæ абаргæйæ), айк – 2 милуаны 239 мины. Стурвос районы дарынц 1 900 сæры, 2024 азимæ абаргæйæ, 24 проценты фылдæр, фыстæ – 4 387 сæры.

Ивгъуыд азы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, районы иудадзыг цæры 100 мин 289 адæймаджы, уымæй размæйы азимæ абаргæйæ, сæ нымæц 514 адæймагæй фæкъаддæр. Фæкъаддæр, хъыгагæн, афæдзмæ цы цæрæн хæдзæрттæ сарæзтой, уыдоны нымæц дæр.

Адæмæн куыстдæттыны районы центрмæ афæдзы дæргъы куыстагур бацыд 708 адæймаджы. Æгуыстыл нымад æрцыд 578 адæймаджы. Уыдонæй куыст лæвæрд æрцыд 26-æн.

## Национ проекттæ

Федералон проект **«Культурон тыгъдад»**-ы фæлгæты район æххæст кæны национ проект **«Бинонтæ»** (раздæр хуынд **«Культурæ»**). Йæ фæрцы бындурон цалцæджы фæстæ Ногиры фарон байгом Культурæйы галуан, стæй дзы фæзынд ног музыкалон скъола.

Ивгъуыд аз райдыдтой цалцæггæнæн куыстытæ Октябрыхъæуы Культурæйы галуаны æмæ 2027 азы кæронмæ хъуамæ фæуой. Уымæй уæлдай, Куырттат æмæ Майскийы хъæуты аразын райдыдтой рæвдауæндæттæ.

**«Хъæууон ахуыргæнæг»**, зæгъгæ, ацы программæйы æххуысæй районмæ куыстмæ æрбацыдысты дыууæ æрыгон ахуыргæнæджы, ноджы ма æртæ ахуыргæнæгмæ æнхъæлмæ кæсынц ацы аз.

**«Горæтаг æнцонвадат уавæртæ аразын»**-ы федералон программæ æххæст кæнгæйæ, нывылгонд æрцыд æртæ æхсæнадон фæзуаты: Октябрыхъæуы Тедеты Павелы номыл аллей, спортивон-дзæбæхгæнæн комплексы алывæрстæ æмæ, Донгæроны цы парк ис, уый. Æппæт куыстытыл хардзгонд æрцыд 17,1 милуан сомы, уыдонæй 1,1 милуан сомы сты бынæттон бюджеты фæрæзтæ.

**«Хъæууон фæзуæтты иумæйаг райрæзт»**-ы РЦИ-Аланийы паддзахадон программæйы фæлгæты **«Хъæууон фæзуæтты цæрæнуæттæ аразыны æмæ цæрæнхæдзæртты уавæртæ нывылдæр кæнын»**-ы регионалон проекты фæрцы Джызæлы арæзт æрцыд 29 хицæн цæрæн хæдзары, æдæппæт 22 мин квадратон метрæй фылдæр. Куыстытыл хардзгонд æрцыд 110,2 милуан сомы, уыдонæй 1,3 милуан сомы сты бынæттон бюджеты æхца.

**«Æрыгон бинонтæн сæ цæрæныны уавæрттæ хуыздæр кæнын»**-ы федералон проекты фæрцы сæ уавæртæ фæхуыздæр кодтой æртæ æрыгон бинонтæ. Хъуыддагыл хардзгонд æрцыд 6,7 милуан сомы, уыдонæй 2,4 милуаны сты бынæттон бюджеты æхцатæ, иннæтæ – республикон.

Æртæ æмæ уымæй фылдæр сывæллæттæ цы бинонты ис, уыдонæн æххуыс кæныны мадзæлттыл ныхас кæм цæуы, 2012 азы 16 февралы 16-æм уыцы республикон закъон æххæст кæнгæйæ, фæстаг дыууæ азмæ районы цæрæг 33 ахæм бинонтæн хæдзар саразынæн раттой зæххы хæйттæ.

Районы æххæстгонд цæуы **«РЦИ-Аланийы граждæнтæн æнцонвадат æмæ асламдæр аргъыл цæрæнуæттæ дæттын»**-ы паддзахадон программæ. Уый фæрцы сæ цæрыны уавæртæ фæхуыздæр кодтой адæмы хицæн къордтæ. Ныртæккæ дæр администраци райста 25 ахæм курдиаты сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæй.

**«Фæндаггон инфраструктурæйы райрæзт»**-ы паддзахадон программæйы фæлгæты бынæттон фæндæгтæ цæлцæг кæнынæн æмæ сæ æмбæлгæ уавæры дарынæн лæвæрд æрцыд 48 милуан сомы. 2024 азимæ абаргæйæ, уый у 26 процентæй фылдæр. Æхцатæн сæ фылдæр (45,6 милун сомы) радих кодта республикон бюджет, иннæтæ – бынæттон бюджет. Уымæй уæлдай, 41 милуан сомы бахъуыд хъæуты мидæг фæндæгты уавæр фæхуыздæр кæнын æмæ машинæты фæндæгтæ æмбæлгæ уавæры дарынæн, стæй ма фæндæгты æдас æмæ хæрзхъæддзинадимæ баст æндæр куыстытæ æххæст кæнынæн.




Программæ **«Хъæууон дохтыр»**-ы фæлгæты кусын райдыдтой æртæ специалисты. Нысанмæарæзт гæххæттытæм гæсгæ ординатурæмæ ахуыр кæнынмæ кæй арвыстой æмæ дзы ныр дыккаг аз чи ахуыр кæны, алыхуызон медицинон дæсныйæдты дæс ахæм медицинон кусæджы дæр сæм кусын райдыдтой.


Туристон комплекс «Нарты горæт» Хъобаны


ТЕДЕТЫ Павелы номыл аллей Октябрыхъæуы

Фыццаградон медико-санитарон нывыл æххуыс районы алы рæттæм цæмæй хæццæ кæна, уыцы нысанимæ дзæбæхгæнæн-диагностикон цæугæ медицинон комплекс (цæугæ маммограф), стæй ма цæугæ флюорограф 252 хатты ацыдысты районы цæрæн бынæттæм, уыимæ, дæрддзæф чи у, ахæм рæттæм дæр, æмæ сарæзтой 3 953 маммографион æмæ флюорографион иртасæны.

## Æххуыс сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæ æмæ сæ бинонтæн

Бæрæг куыд у, афтæмæй ивгъуыд аз нæ бæстæйы Президент расидт Фыдыбæстæйы хъахъхъæнæджы азæй. Уымæ гæсгæ сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæ æмæ сæ бинонтæм цæуы уæлдай æргомзæдхт. Районы бакуыстой æмæ æххæст кæнынц сæрмагонд пълан, амынд дзы æрцыд уыдонæн сæ цард æмæ сæ уавæртæ хуыздæр кæныны социалон æххуысы 20 мадзалы.

## Фидæны пълантæ

Районы дарддæр дæр нысан кæнынц адæмы уавæртæ хуыздæр кæнын, царды æмвæзад бæрзонддæр кæнын, инфраструктурæ рацаразыны куыстытæ æххæст кæнын. Уыимæ сæм ис, дарддæр аргъæвæн кæмæн нал ис, ахæм хъуыддæгтæ. Уымæ гæсгæ, районы социалон-экономикон райрæзты хæстæгдæр азты пъланмæ хаст æрцыдысты:

2026-2027 азты – аст скъолайы æмæ иу рæвдауæндон рацаразыны куыстытæ (сæ номхыгъд фидаргонд æрцыд РЦИ-Аланийы Ахуырад æмæ наукæйы министрады уынаффæйæ Уæрæсейы Федерацийы Рухсады министрады бадзырды бындурыл);

– Дачнæйы хъæуы пълан кæнынц фелсырон-акушерон пункт саразын («Медико-санитарон æххуысы фыццаградон æххуысы къабазы райрæзт»-ы регионалон проекты фæлгæты);

– бынæттон цæрджыты хъæлæс кæныны бæрæггæнæнтæм гæсгæ ацы аз рацаразын æртæ æхсæнадон бынаты: парк Михайловскы хъæуы, Хæлардзинады парк Сунжæйы æмæ Уæлахизы парк Уæллаг Санибайы.

Дарддæр фæнд кæнынц культурæимæ баст кусæндæтты къабазы рацарæзт. Афтæ, арæзт æрцæудзысты культурæйы хæдзæрттæ Дæллаг Саниба æмæ Тарскæйы, бындурон цалцæггонд – Æрхонкæйы, Куырттат æмæ Донгæроны культурæйы хæдзæрттæ, бындурон рацарæзт – Джызæлы сывæллæтты музыкалон скъола.

Ахсджиаг у спортивон объектты уавæры фарста. Уымæ гæсгæ фæнд кæнынц Черменыхъæуы физкультурон-спортивон комплекс саразын, бирæкъабазджын спортивон фæзуæттæ та – Чермен æмæ Майскийы хъæуты, стæй ма Октябрыхъæуы Сывæллæтты æмæ æвзонгты 1-æм спортивон скъола рацаразын.

**ДЕДЕГКАТЫ Зæлинæ**




Историйы сыфтæ

# Ирыстоны кæм бахсæвиуат кодта Пушкин?

**Æрæджы нæ республикæйы экскурситæ аразæг гидтæ курдиат ныффыстой РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис æмæ нæ республикæйы Культурон бынтæ хъахъхъæнынады комитеты сæргълæууæг ГÆЛУАТЫ Ацæмæзмæ, цæмæй æвæстиаты мадзæлттæ арæзт æрцæуа æмæ рагон историон объекттæ бахъахъхъæныны хыгъдмæ бахæссой: Дзывгъисы рагон къуламад, Дæллаг Ларсы кæддæры фысымуат, уырыссаг гарнизоны къазарматæй æмæ ма Цмийы форпосты бæстыхæйттæй цы бынтæ баззад, уыцы объекттæ.**


Дæллаг Ларс. Къам ист у Интернеты тыгъдадæй


Ацы хæдзар-духан уæллаг нывы дæр амынд цæуы


Уырыссаг гарнизоны къазармайы бæстыхай

Экскурситæ аразæг гидтæ куыд зæгъынц, афтæмæй уæлдай тынгдæр æргом аздахын хъæуы, Дæллаг Ларсы кæйдæр хæдзары фæзыл цы тынг зæронд ныллæг къæс лæууы, уымæ. Бæстæзонæг **Константин Попов** фыссы: «Этот ресторан «Духан» посещал Александр Пушкин и первый раз здесь попробовал осетинское вино. Увидел там же и свою книгу «Кавказский пленник», чему был очень рад. Исчезновение этих объектов станет невосполнимой потерей для нашего народа. Если ничего не предпринять сейчас, то вскоре эти исторические артефакты окончательно разрушатся и показывать туристам больше нечего будет».

Интернеты хыз æмæ телеуынынады, ацы хъусынгæнинаг куы федтон, уæд æз дæр араст кодтон Дæллаг Ларсмæ, Арвыкомы фæндаг мыл цыбыр нал кодта, афтæ тынг мæ фæндыд, Пушкин, Чехов, Лермонтов, Толстой æмæ бирæ æндæр зындгонд бæлццæттæ цы къæсæрыл бахызтысты, уыцы культурон бын фенын. Дæллаг Ларсы æрмæстдæр иунæг уынг ис – Тæгиатаг. Нырыкон хъæу у, зæгъгæ йæ рахонæн нæй, кæд дзы фæндаггæрон дуканитæ æмæ цалдæр ног хæдзары сарæзтой, уæддæр йæ рагон хуыз нæ фесæфт. Цæргæ та дзы кæнынц гуырдзиаг бинонтæ. Уæлдæр цы фысымуаты кой цæуы, уыцы бæстыхай ма абон дæр «æгас» у, уый æнхъæл нæ уыдтæн. XIX æнусы астæу æй хуыдтой «постоялый двор – ресторан «Духан». Йæ тæккæ фарсмæ та бæхдон. Ныллæг чысыл къæс ма цардмæ тыхкаст кæны. Ацы хæдзарыл 200 азмæ æввахс цæуы. Йæ сæр мæнæ-мæнæ ныттондзæн, ахæм уавæры ис, фæлæ бæрæг у, рæстæггай йын йæ æддагон хуызмæ кæй зылдысты, уый – йæ къултæ ма ныр дæр бур чъырæйцагъдæй зынынц, æрмæст хъулон-мулонæй. Тæрккъæвдатæ йыл уарынц, дымгæтæ йыл футт кæнынц, уæддæр сæттын нæ комы. Диссаг, уагæры цавæр æрмæгæй арæзт æрцыд æмæ дыууæ æнусы сæрты акæса. Хъæуы сæрмæ та къæдзæхы тигъыл Дудараты галуан æмæ фидæртты цæндтæ хъахъхъæнæн мæсыджы бындзæфхадимæ зынынц. Хъæу æнæхъæнæй дæр уыд уырыссаг гарнизон. Къазарматы бындзæфхæдтæй уæлдай ма дзы баззад иунæг бæстыхай æмæ, «перевалочный для лошадей» кæй хуыдтой, уыцы бынат.

– Мæ мады фыдыфыд Георги Гудушаури куыста ацы духаны æмæ йæ кæстæртæн дзырдта, Александр Пушкинимæ иу изæр куыд базонгæ ис, уый тыххæй. Фыссæг Ирыстонмæ радон хатт куы æрцыд, уæд, Тифлисмæ цæугæйæ, йæ фæндаг Дæллаг Ларсыл ракодта. Ацы ран духаны æхсæвиуат дæр бакодта, уыдис дзы æртæ агъуысты фысымуатæн, æмæ райсомæй дарддæр араст йæ фæндагыл. Ацы хабар мæ мады фыдæй фехъуыстон. 1935 азы та дадайы кулак рахуыдтой æмæ йæ фехстой, – дзырдта Ларсы цæрæг **Уыртаты Резо**.

Гуырдзыстон Уæрæсеимæ куы баиу, уæд Дзæуджыхъæуæй Тифлисмæ фæндагæн стыр политикон ахадындзинад уыдис. 1803 азы дзы бæлццæтты ædасдзинадæн арæзт цыдысты æфсæддон фидæрттæ (редуттæ). Уыцы фидæртты пункттæй иу уыд Дæллаг Ларсы тæккæ фæндаггæрон къазармайы бæстыхай, гарнизон æмæ хъахъхъæнæн мæсыг. Уыдис дзы духан дæр, фæндаггæттæ къæбæр кæм бахордтаиккой æмæ сæ фæллад кæм суагътаиккой, ахæм фысымуат. Историйы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, Дæллаг Ларсы цард «фыхтис» XVI-XVII æнусты дæр. Цардысты дзы, æппæты фыццаг, вайнахтæ, стæй сæ фæстæ ирон мыггæгтæй Слонатæ æмæ Дударатæ. Уыцы рагзаман дæр Ларсæн стратегион ахадындзинад уыд, хъæу æхгæдта Арвыкомæй Фæскавказмæ къуындæг бацæуæнтæ. Ахуыргæндтæ куыд зæгъынц, уымæ гæсгæ, нæ дуджы размæ фыццаг миназы кæрон Фæскавказмæ Ларсы фæндаг хуыдтой сæрмæтаг. Сæрмæтты алантæ куы раивтой, уæд та Арвыкомы фæндаг уырыссагау хонын райдыдтой «Дарьяльское ущелье». XIX æнусы райдайæн, Дзæуджыхъæуæй Тифлисмæ каравантæ æмæ æфсæддонтæн цæуынæн фæзынд ног паддзахадон проект «Александров путь». Уыцы рæстæг проект æххæст кæнынæн сæйраг бынатæн нысангонд æрцыд Ларс. Дудараты Мæхæмæт Уæрæсейы император Александрмæ фыста, зæгъгæ, Дæллаг Ларс æнæхъæнæй дæр йæхи у æмæ хъæу æд зæххытæ, арæзтæдтæ, куырæйттæ æмæ хъæдтимæ кæй дætты уæрæсейаг æфсæддон фидæрттæн, уый фæдыл. Афтæмæй дзы арæзт æрцыд уæрæсейаг æфсæддон хайы гарнизон.

Александр Пушкинæн Кавказ кæддæриддæр уыдис сфæлдыстады уæлтæмæн. Кавказæн снывонд кодта æмдзæвгæтæ: «Тазит», «Кавказский пленник», «Кавказ», «Обвал», «На холмах Грузии», «Путешествие в Арзрум», йæ уацмыс «Евгений Онегин»-ы сæргæндтæй та иуы, мыхуыргонд чи не ’рцыд, уыцы хайы Онегин Кавказмæ хъуамæ ацыдаид. Фыссæг йæхæдæг Кавказы дыууæ хатты уыдис – 1820, 1829 азты. Фæстаг цыды Дзæуджыхъæумæ куы схæццæ, уæд поэт æрфысым кодта, абон нæ республикæйы хицауад цы ран ис, уым кæддæр цы фысымуат уыд, уым. Иу изæр та йæ уазæгуаты йæхимæ фæхуыдта комендант Николай Скворцов. Стыр хъыгагæн, Скворцовы хæдзар абон бæрæг нал у, фесæфтис, йæ бынат дæр ын ничиуал зоны. Пушкин Дзæуджыхъæуы дыууæ боны фæци æмæ Ирыхъæуы уынгтыл дæр фæзылд, кастис, куыд цæрынц ирон адæм. Уый фæстæ дарддæр араст кодта Арвыкомы фæндагыл Гуырдзыстонмæ. Фылдæр хатт-иу къанвойæ йæхи фæиуварс кодта æмæ фистæгæй цыдис йæ фæстæ, цæмæй бæлвырддæр кастаид хæххон æрдзы бынæттæм. Дæллаг Ларсмæ куы бахæццæ, уæд йæ боныджы ныффыста: «На скале видны развалины какого-то замка, они облеплены саклями мирных осетинцев, как будто гнездами ласточек. В Ларсе остановились мы ночевать. Тут нашли мы путешественника француза, который напугал нас предстоящею дорогой. Он советовал бросить экипажи в Коби и ехать верхом. С ним мы выпили в первый раз и вино из бурдюка. Здесь же, в постоялом дворе я нашел измаранный список «Кавказского пленника» и перечел его с огромным удовольствием».

Поэт цы галуаны кой кæны, уый Дудараты фидæрттæ сты, абон ма сæ бындзæфхæдтæ баззадысты. Æрмæст чысыл фысымуат духан лæууы, Пушкины рæстæг куыд уыдис, афтæмæй. Ацы объект хъахъхъæд куы æрцæуа, уæд нæ республикæйы скъоладзауты, студентты уазджыты ардæм экскурситæм хонæн уыдзæн. Нæ зæрдæ дардзыстæм, гидтæ æмæ бæстæзонæг Константин Попов цы курдиат ныффыстой, уый гæххæттыл фыстæй кæй нæ баззайдзæн, ууыл. Махæй хъæздыгдæр истори Цæгат Кавказы никæмæн ис, æмæ йæ цæстыгагуыйау хъахъхъæнын хъæуы.

Фиппаинаг

# Кæй сурæт у ахсджиагдæр?

**Цымыдисаг у Дзæуджыхъæуы истори. Куы сæвзæрд, уæдæй абонмæ рæстæг бирæ фæлтæртæ ахаста. Се ’хсæн уыдис зындгонд адæймæгтæ, нæ республикæйæн йæ хорз хъуыддæгтæй кад æмæ ном чи скодта, ахæмтæ. Фæлæ æхсæнады дæр уыцы иуты кой рацæуы, иннæтæ та рохуаты аззадысты.**

Цалдæр азы нæ горæты сæйраг – Сабырдзинады проспект æмæ Горькийы уынджы историон бæстыхайы къулыл цавæрдæр æнæзонд нывгæнæг хъулон-мулон ахорæнтæй сныв кодта, бирæ азты уыцы ран тигъыл, балалайкæйæ цæгъдгæйæ, капекк чи куыста, ахæм магусайы. Уыимæ йыл бафыстæуыд «ирон Хъуыбады». Чи йын ратта бар, федералон ахадындзинад кæмæн ис, уыцы историон объектæй хынджылæг кæнын? Цыртдзæвæнтæ хъахъхъæныны комитет дæр уыцы бонты бæргæ дзырдта йæ ныхмæ, фæлæ нывгæнæджы фарс рахæцыдысты йæ хъузонтæ. Автор ахæм граффити цæуылнæ сныв кодта, ацы бæстыхай æмæ æнæхъæн проспектæн дæр XIX-æм æнусы кæрон проект чи скодта, уыцы архитекторæн, æви нæ уыдис уый аккаг, цæмæй йын къулыл чысыл фæйнæгыл йæ сурæт бакодтаиккой?






Хæрзæрæджы проспекты туристтæ, «музыканты» нывмæ кæсгæйæ, сæ фæрсты цæуæг нæлгоймаджы фарстой: «Извинитæ, пожалуйста, вы не могли бы нам рассказать, чей это портрет?» Цы сын хъуамæ загътаид нæлгоймаг, æмæ сын «нæ зонын», зæгъгæ бакодта. Чи зоны, йæхæдæг дæр æрцæуæг уыдис, æндæр куыд нæ фехъуыста ацы лæджы кой. Бирæ цыдис ныхас граффити фехалыныл, фæлæ йæм бавналын ничиуал бауæндыд, ныр дæр йæ бынаты æнæвнæлдæй лæууы. Чи у махæн ацы «ирон Хъуыбады», цы бардары Къостайы уацмысы хъайтармæ? Советон Цæдис куы фехæлд, уæд нæ бæстæйы æфсымæрон республикæтæ сæхи аиуварс кодтой Уæрæсейæ, бафæндыд сæ хицæнæй цæрын, фæлæ цы рæсугъд æмæ фæрнджын цардмæ æнхъæлмæ кастысты, уымæй фыдæнхъæл фесты æмæ тæдзынæгæйцыхцырæгмæ бахаудтой. Хæсты цæхæртæ ссыгъдысты Астæуккаг Азийы хурсыгъд республикæты. Бæстæ æмтъеры уыд, цæвæг марæджы нал æвзæрста, æмæ адæм лыгъдысты æдас рæттæм. Афтæ Цæгат Ирыстонмæ дæр бирæтæ æрбалыгъдысты. Уæд æрбафтыд «ирон Хъуыбады» дæр Дзæуджыхъæумæ. Æз йæ ныхмæ æппындæр нæ дæн, йæ хъалæй не ’рбафтыд ардæм, фæлæ Ирыстоны хæрзамонд æмæ фарнæн дæр ницы сарæзта, Къостайы уацмыстæ дæр нæ зарыд, цæмæй йын йæ ном сæнусон кæнæм. Уый хыгъд, архитекторы ном та абон зонгæ дæр ничи кæны, æмæ хъыг дæр уый у. Аслан, куыд лыгъд адæмы минæвæрттæй иу, афтæ миграцион службæйы алы мæй дæр йæхи æвдыста, йæ къух-иу сæвæрдта. Уынгтæ æфснайæгæй йын куысты бынат лæвæрдтой, фæлæ не сразы. Куртаевы размæ та уыцы тигъыл бадтис уырыссаг куырм лæг, фæндырæй цагъта. Аслан æй уырдыгæй фæсырдта æмæ, цы фæцис адæймаг, уый бæрæг дæр нал сси. «Балалаечник» куы амард, уæд нæ адæм интернеты хызы фыстой, зæгъгæ, æхца æрæмбырд кæнæм æмæ йын цыртдзæвæн сæвæрæм. Уыцы æххуыс ын цæрдудæй куы бакодтаиккой, уæд хуыздæр уыдаид, йæ мæлæты фæстæ ма йæ адæмы хæрдзтæ цæмæн хъæуынц?

Ахæм хъæппæрисджын фæсивæд нæм куы разынид æмæ «ирон Хъуыбадыйы» нывы куы фехаликкой æмæ историон бæстыхайы къулыл куы бакæниккой Павел Шмидты къам. Уый уыдис канд ацы объекты нæ, фæлæ Дзæуджыхъæуы Сабырдзинады проспект æмæ æндæр арæзтæдты архитектор. Павел Шмидт уыдис уырыссаг немыцаджы бинонтæй. Райгуырд Бетъырбухы 1873 азы. Сабийæ сидзæрæй баззад, æмæ йæ хъомыл кодта йæ фыдыфсымæр. Гимназ сыгъзæрин майданимæ каст фæци æмæ дарддæр ахуыр кæнынмæ бацыд Цæгатаг горæты Граждайнаг инженерты институтмæ архитектурон æмæ сантехникон факультеттæм. Институты фæстæ æрвыст æрцыд командировкæйы Европæмæ. Куы æрыздæхт, уæд кусын райдыдта Эрмитажы центрон хъармгæнæн системæйы куысты нывыладыл. Йæ бинойнаг София тарнизæй фæрынчын æмæ бонæйбон фыддæргæнгæ цыдис. Бетъырбухы дохтыртæ йын бацамыдтой Цæгат Ирыстонмæ фæцæуын, æрдзыхъæд дзы хуыздæр кæй уыд, уый тыххæй. Ныфс ын æвæрдтой, хæххон уæлдæф рынчынæн кæй фæахъаз уыдзæн, уымæй. Павел Шмидт Софияимæ æрцыд Дзæуджыхъæумæ æмæ кусынмæ бацыд Теркаг арæзтадон управленимæ кæстæр инженерæй. 1907 азы сарæзта йæхицæн дыууæуæладзыгон хæдзар, 1909 азы йæ снысан кодтой арæзтадон хайады хицауы хæдивæгæй, уый фæстæ та сси Терчы облæсты сæйраг архитектор. Павелы арæзт бæстыхæйттæ стиль «модерн»-ы абон дæр аив кæнынц Дзæуджыхъæу, цымыдисæй сын сæ архитектурон скондмæ кæсынц, сæ рæзты чи фæцæуы, уыдон иууылдæр. Бирæ хорздзинæдтæ сарæзта Павел Ирыстонæн. Куыста хъæууонхæдзарадон æмæ хуызджын згъæрты институтты ахуыргæнæгæй. 1938 азы та разамынд лæвæрдта хуызджын згъæрты институты теоретикон механикон кафедрæйæн. Йæхи хæдзар, абон Горькийы уынджы, Софияйы амарды фæстæ балæвар кодта театралон æхсæнадæн. Уый фæстæ дзы цардис Тæбæхсæуты Бало æмæ абон дæр Балойы хæдзар-музей у. Фыдыбæстæйы Стыр хæст куы райдыдта, уæд Павел иннæтимæ, бел йæ къухы, афтæмæй къахта акъопытæ, арæзта хъахъхъæнæн æмæ бомбæтæй хи бафæсвæдгæнæн объекттæ. Мæлгæ дæр акодта 1942 азы, Дзæуджыхъæуы фæзы иу ахæм хъахъхъæнæн объект аразыны рæстæг æваст ахауд. Павел Шмидт хорзæхджынгонд æрцыд бирæ хæрзиуджытæй, уыд зындгонд уæрæсейаг æмæ советон архитектор. Ныгæд æрцыд ирон уæлмæрды. Ныр æркæсæм æмæ равзарæм, кæй сурæт сæ у ахсджиагдæр, уыцы фарстамæ.

Цы бакæнын хъæуы, кæцæй райдайын, цæмæй Павел Шмидтæн мемориалон фæйнæг Сабырдзинады проспекты, йæхи проекты бындурыл арæзт бæстыхайы къулыл конд æрцæуа, уый тыххæй? Исчи ма фезмæлæд лæгау....

Фарс бацæттæ кодта САУТÆТЫ Тамилæ
къамтæ систа Татьяна ШЕХОДАНОВА

Спортивон фидиуæг



Хъæбысхæст

# Рамбылдтой уæлахиздзауы рæттæ

**Узбекистаны сæйраг горæт Ташкенты уæгъдибар æмæ грекъаг-ромаг хъæбысхæстæй ацыдысты профессион хъæбысхæсты Иван Поддубныйы лигæйы радон ерыстæ.**

Уæгъдибар хъæбысхæстæй ерысты сæйраг хæрзиуæг «Уæлахиздзауы рон» рамбылдтой Олимпиаг хъæзтыты уæлахиздзау, дунейы æртæ хатты чемпион Сидахъаты Зауырбег æмæ Европæйы, фæсивæды (24 азы онг) 'хсæн чемпион Багаты Арслан. Сидахъаты Зауырбеджы ныхмæлæууæг уыди дунейы чемпион, япойнаг богал Кота Такахаши. Сæ хъазуатон ныхмæлæуды Сидахъаты Зауырбегæн бантыст фембæлды фæстаг минутыл йæ ныхмæлæууæджы йæ быны акæнын æмæ фæуæлахиз 4:1 хыгъдæй, афтæмæй хорзæхджын ссис уæлахиздзауы ронæй 74 кг онг уæзы.





92 кг онг уæзы Уæрæсейы чемпион æмæ Европæйы фæсивæды 'хсæн чемпион Багаты Арслан дæр бафæзмыдта Сидахъы-фырты æмæ 5:2 хыгъдæй фæуæлахиз Азербайджаны номæй хæцæг, дунеон чемпионаты призон бынат бацахсæг богал Абубакар Абакаровыл.

Арфæ кæнæм нæ сæрæн богæлттæ æмæ сæ бацæттæгæнæг тренертæн!

**БАСКАТЫ Уырызмæг**

Профессион ахуырад

# Кадрты рæзтмæ – лæмбынæг цæстдард

**Хетæгкаты Къостайы номыл Цæгат Ирыстоны паддзахадон университеты хъæппæрис æмæ РЦИ-Аланийы Ахуырад æмæ наукæйы министрады æххуысæй æххæстгонд цæуы профориентацион проект «Педагогическая проба. Абитуриенты СОГУ». Проект цы нысан кæны, цы у йæ сæйрагдæр хæс, уый тыххæй нын радзырдта уæлдæр амынд министрады Иумæйаг ахуырад æмæ сывæллætты социалон хъахъхъæнынады хайады разамонæг ФАРДЗИНТЫ Мæдинæ:**

– Ацы проекты нысан у ахуыргæнæджы дæсныйадæн фæстæмæ йæ раздæры кад раздахын, республикæйы скъолаты 10-æм, 11-æм къласты ахуырдзаутимæ профориентацион куыст кæнын. Нæ бон зæгъын у, нæ бæстæйы бирæ регионты педагогон кадртæ кæй нæ фаг кæны. Ахæм «низæй» тыхсынц Цæгат Ирыстоны дæр. Махæн нæ хæс у, рæзгæ фæлтæры æргом раздахын профессион-педагогон дæсныйæдтæм, уый тыххæй та сын хъæуы æппæт уавæртæ саразын сæхи равдисынæн.



Уымæ гæсгæ, уæлдæр амынд фарста домы стыр æргом паддзахадæй. Республикæйы Хицауады оргæнтæ аразынц æппæт мадзæлттæ дæр уавæр фæнывыл кæнынæн: педагогон ахуырад, нысанон ахуырад æмæ профессион цæттæдзинад рацаразын.



Фæстаг азты республикæйы сырæзт, уæлдæр ахуыргæнæндæтты педагогон ахуырады программæтæм гæсгæ бюджетон бынæттæм чи цæуы, уыцы абитуриентты нымæц. Психологион-педагогон къæласты архайд у педагогон кадрты кадавардзинад аиуварс кæнынил куысты фыццаг къæпхæн.

Республикæйы скъолаты психологион-педагогон къæлæстæ кæй фæзынд, уый хистæр къæласты ахуырдзаутæн стыр æххуыс у ахуыргæнæджы дæсныйады сусæгдзинæдтæ, йæ куысты хицæндзинæдтæ йын бæлвырддæр базонынæн, цæмæй фидæны ацы дæсныйад равзарыны хъуыддагмæ бæрнондæр цæстæй кæсой.

Иу хатт ма фæбæрæг кæндзыстæм, психологион-педагогон къæлæстæ сты педагогон профессион ахуырады фыццаг къæпхæн. Уымæ гæсгæ ныртæккæ Уæрæсейы Федерацийы субъекттæ нæ бæстæйы раззагдæр педагогон уæлдæр ахуыргæнæндæттимæ архайынц профилон психологион-педагогон къæлæстæ саразыныл. Куыд зонæм, афтæмæй сæ нымæц азæй-азмæ фылдæр кæны.

Æрвылаз дæр республикæйы психологион-педагогон къæласты ахуырдзаутæн арæзт æрцæуынц алыхуызон конкурстæ. Регионалон проект «Ахуырады къæбазæн кадртæ бацæттæ кæнын»-ы фæлгæты уæлæмхасæн профессион ахуырады Цæгат Ирыстоны педагогон кадрты рæзт æмæ цæттæ кæныны институт æмæ Цæгат Ирыстоны педагогон колледж иумæ психологион-педагогон къæласты ахуырдзауты 'хсæн саразынц регионалон конкурс «Æз – ахуыргæнæг!» Йæ сæйраг нысан у психологион-педагогон къæласты хуыздæр ахуырдзауты сбæрæг кæнын æмæ сын баххуыс кæнын фидæны дæсныйад равзарыны хъуыддаджы. Конкурсы уæлахиздзаутæн лæвæрд æрцæуынц æхцайы сертификаттæ æмæ, уæлæмхасæн 4 баллы педагогон колледжмæ ахуыр кæнынмæ бацæугæйæ, кæнæ, проект «Педагогическая проба»-йы архайгæйæ 5 баллы, ЦИПУ-мæ ахуыр кæнынмæ бацæугæйæ. Ахæм фæндон бахаста ЦИПУ-йы ректор **Огъуаты Алан**. Ацы проекты фæлгæты фидæны абитуриенттæн саразынц мастер-класстæ, тренингтæ æмæ тематикон ахуыртæ. Уыдоны фæрцы ахуырдзаутæ базонгæ вæййынц уроктæ аразыны пъланимæ, алы кары сывæллæттимæ куыд кусын хъæуы, æмæ ахуырадон программæтыл. Ацы проекты архайджытæ республикæйы скъолаты раттынц гом уроктæ, æмæ сын уый фæстæ лæвæрд æрцæуынц сертификаттæ – профориентацион проект «Педагогическая проба»-йы рауагъдон.

Бафиппайын хъæуы, ахуыргæнæджы дæсныйады кад фæбæрзонддæр кæныныл фæстаг азты республикæйы цы зæрдиаг куыст цæуы, уый хорз бæрæггæнæнтæ кæй дæтты. Афтæ, 2025 азы педагогон дæсныйад райсынмæ, иннæ азтимæ абаргæйæ, абитуриентты нымæц уыд 29 проценты фылдæр.

Дарддæр уыцы ахуырдзаутæм цæстдард цæуы педагогон колледж æмæ уæлдæр ахуыргæнæндоны ахуыргæнгæйæ дæр. Зæгъæм, Цæгат Ирыстоны педагогон кадрты рæзт æмæ цæттæ кæныны институт стажировкæ саразы студенттæн «Навстречу профессии: от студента к мастеру». Уый 3-æм курсы студенттæн фадат дæтты сæ равзæрд дæсныйады сусæгдзинæдтæ арфдæр базонынæн.

Ахуыргæнæджы дæсныйад – разæнгарддзинад. Ахæм ахсджиаг хæс йæхимæ райсынмæ цæттæ чи у, уыцы абитуриентты хонæм, рухс фидæн чи араздзæн, уыдоны хъомыл æмæ ахуыр кæнынмæ. Равзарут ахуыргæнæджы дæсныйад æмæ къæласы фæйнæгæй райдайут дуне ивын!

**ХЪОЙБАЙТЫ Галинæ**

Хæлардзинады тæгтæ

# Журнал «Мах дуг»-ы æхсызгон фембæлд

**«Адæймаг хъуамæ йæ цард-цæрæнбонты агура йæхицæн хæлæрттæ, хъуамæ сæ ссара æмæ хъахъхъæна цæстыгагуыйау. Мах стæм иу хохаг хъæу «Кавказ»-æй рацæугæ, æмæ нæ хъуамæ алчи дæр хорздзинæдтæ ракæнынмæ тырна, цæмæй нæ адæмтæ кæной æнгомдæр».**

***Нафи***





Национ наукон чиныгдоны уыд журнал «Мах дуг»-ы сæрмагонд номыры презентаци. Журналы мыхуыргонд æрцыдысты Абхазы фысджыты уацмыстæ ирон æвзагмæ тæлмацæй. Дыууæ республикæйы фысджыты 'хсæн хæлардзинад дарддæр фидар кæныны фæнд фæзынд журнал «Мах дуг»-ы сæйраг редактор Хетæгкаты Оксанæйы хъæппæрисæй. Бæрæгбоны кадджын уазæг уыд Абхазы Республикæйы национ газет «Абсны»-йы сæйраг редактор Ахра Анкваб. Æхсызгон фембæлд байгом кодта æмæ цыбырæй Абхаз æмæ Ирыстоны фысджыты рагон хæлардзинады уидæгтæ зæрдыл æрлæууын кæныны фæстæ Хетæгкаты Оксанæ бæрæгбоны архайджытимæ æрымысыдысты абхазаг журнал «Алашара»-йы сæйраг редактор-поэт, прозаик, публицист Анатолий Лагулаайы рухс ном. Уый дæр æхсызгонæй сæмбæлд ацы хъæппæрисыл, фæлæ йын фембæлдыл бацин кæнын нал бантыст. Йæ журналы редакцийæ, йæ ном хъуыдыгæнгæйæ, сæрвыстой видео-арфæ. Æхсызгон фембæлды архайдтой фысджытæ, журналкæсджытæ, журналисттæ, æхсæнадон архайджытæ.

Уазджытæ æмæ фысымтæн зæрдæбын арфæты фæстæ Хетæгкаты Оксанæ сæрмагонд бузныг загъта Национ чиныгдоны сæргълæууæг Хайманты Иринæ, ЦИПУ-йы журналистикæйы факультеты декан Хæбæлаты Фатимæ, ирон факультеты декан Гуыриаты Эльмирæ, газет «Северная Осетия»-йы сæйраг редактор Битарты Маринæ, Фысджыты цæдисы сæрдар Хозиты Барис æмæ бæрæгбоны æппæт уазджытæн.

**Нæ уацхæссæг**

Уыдис ахæм цау

# Адæмы фарн домбай у!

**Ацы цау æрцыд ивгъуыд æнусы 60-æм азты Беслæны. Фæтуджджын сты дыууæ мыггаджы. Марды куы фæндараст кодтой, уæд йæ ацæргæ фыд йæ зонгуытыл æрлæууыд æмæ ард бахордта: «Мæ хъæбул, дæ хæлары къухæй фæмард дæ, фæлæ дын æз ацы дзыллæйы цур ард хæрын: дæ афæдзы бон куы ахицæн уа, уæд æз фæстæмæ, мæ фыдæлтæй мын цы хотыхтæ баззад, уыдон æрбакæндзынæн æмæ дын дæ туг райсдзынæн».**



Мардмæ æрцæуæг адæм æгуыппæгæй аззадысты. Бонтæ цыдысты, фæлæ лæппуйы фыд йæ саударæн пæлæз нæ раласта. Æрлæууыд афæдзы бон. Скодтой хист, æмæ хæрнæджы бадт адæм арфæ ракодтой мыггагæн. Фæлæ уыдонæн сæ зондæй нæ цух кодта иу хъуыды – тугфидынад ма М...-мæ ис æви нæй?!

Хистæр бацыд лæппуйы фыдмæ æмæ йæм бахатыд: «Дæ фæнд аив, адзалæн мадзал нæй!»

Дыккаг бон æппæт зылды цæрджытæ хъус-хъус дзырдтой: «М...-тæ сæ туг систой!»

Аххосджын кодтой М...-йы, фæлæ йæ кæстæр фырт уый йæ сæрмæ не 'рхаста, цæмæй йæ кадджын ацæргæ фыдæн ахæстоны фæбадæны тæрхон скæной, æмæ аххос йæхимæ райста. Уыцы заман нæ зылды цард бирæ цытджын æмæ дзырддзæугæ лæгтæ: Санаты Азгери, Хъуысаты Мæхæмæт, Хъуысаты Дебола, Басаты Дудакко, Абойты Уырызмæг, Сæбæтхъуаты Мæхæмæт, Басаты Темболат... Хатыр мын уæд, се 'ппæты нал хъуыды кæнын.

Уыдон сæмбæлдысты æмæ рахастой уынаффæ: «Дыууæ мыггаджы кæстæртæ сæфынц æнæ аххосæй, æмæ сæ бафидауын кæнæм».

Рацыд бонтæ, æрæмбырд сты фидауджытæ, хъæуы дыууæ мыггаджы дзырддзæугæ лæгтæ, æмæ бафидауын кодтой туджджынты.

Абон сæ фæлтæртæ æнгом æмæ хæларæй цæрынц.

Фидауæг чи уыд, уыдон се 'ппæт дæр ацыдысты се 'цæг дунемæ, фæлæ сæ лæгдзинад, æгъдау æмæ цыт адæм æмæ сæ кæстæртæй рох не сты.

**СÆБÆТХЪУАТЫ Фатъимæт, Беслæн**


## РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ





**Цыппæрæм хатт мыхуыры рацыд Цгъойты Хазбийы чиныг «Ирон царды æгъдæуттæ». Адæм та йыл æхсызгонæй сæмбæлдысты. Балхæнæн æй ис Мыхуыры хæдзары дыккæгæм уæладзыджы, йæ аргъ – 500 сомы. Бадзурæн ис Тая Доронинамæ ахæм телефонтæй: 8-928-483-46-51; 25-92-72.**

**Выполняем ремонтные работы: шпаклевка, обои, карнизы, откосы, покраска, ламинат. Тел.: 8-989-039-78-89 (Казбек).**



Номыры радхæссæг редактор — **Дедегкаты Зæлинæ.**
Дизайн: 1-аг фарсæн – **Халиты Изæ;**
2-аг фарсæн – **Рубайты Нелли;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Гуыцмæзты Зæринæ.**
Корректортæ: 1-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ;**
2-аг фарсæн — **Дедегкаты Зæлинæ;**
3-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ;**
4-æм фарсæн — **Кæлухты Фатимæ.**

**"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты**

**Газет уадзы РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникациты комитет.**

**Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2023 азы 10 октябры (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00162)**

**Сæйраг редактор ФИДАРАТЫ Юрий**

**Сæйраг редакторы исæн уат – 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ – 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ – 25-91-89.** Сæрмагонд фæрсты редактор: **Сланты Аслан – 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз – 25-93-74, Абайты Эдуард – 25-99-33.** Рауагъды редактор: **Гæззаты Фатимæ – 25-96-16.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ – 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Саутæты Тамилæ, Татьянæ Шеходанова** (къамисæг) **– 25-96-31, Баскаты Уырызмæг – 25-91-88, Гугкаты Жаннæ – 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ – 25-94-57, Хъойбайты Галинæ – 25-90-54, Хæмыцаты Морис – 25-91-92, Хуыбиаты Ларисæ – 25-94-09.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ – 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ – 25-67-03.** Корректортæ – **25-93-36,** компьютерон цех – **25-93-97.**

➢ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ, æнæмæнг, бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
➢ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
➢ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрндзинад хæссынц сæ автортæ.
➢ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрндзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11. Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр 1.88 мыхуырон сыфы. Газет цæуы къуыри фондз хатты. Индекс 53901. Тираж 2763. Заказ № 335. Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа – 18.00. Мыхуырмæ фыст æрцыд – 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**